

Anons

Aktivite Solidarite Entènasyonal ak pèp Ayisyen an

Òganizasyon popilè Ayiti, PAPDA ak KONBIT, ansanm ak rezo entènasyonal Jibile Sid/Amerik, Alba Mouvmman, Asanble Pèp Karayib yo, Konsèy Edikasyon Popilè Amerik Latin ak Karayib la ak Asanble Entènasyonal Pèp yo konvoke tout moun pou yo ini yo nan Aktivite Entènasyonal sa ki pral fèt **29 mas anba tèm : « Solidarite ak jistis pou Ayiti »**

Nou sonje 29 mas 1987 pèp ayisyen te adopte yon nouvo Konstitisyon ; Reyalite sa a se te rezilta lit ak mobilizasyon popilè yo te mennen pou te rive kapote oubyen chavire diktati sanginè ak ekstrèm dwat fanmi Divalye a.

Sepandan, nou dwe remake gouvènman aktyèl la Ariel Henry ap dirije a pa gen ni legalite ni lejitimite. Li ap suiv manda Fon Monetè Entènasyonal alalèt, ki tradwi enpak katastwofik sou lavi majorite moun nan popilasyon an: yon ogmantasyon 260% nan pri gaz la, kwasans negatif PIB an, yon kriz nan to echanj ak yon devalorizasyon 50% nan valè lajan nasyonal la (goud) kont dola a ak yon enfasyon 48% chak ane.

Kounye a, peyi a anba menas yon gwo kriz imanité. Yo estime gen 4.9 milyon moun nan ensekirite alimantè sou yon popilasyon ki plis pase 11 milyon moun. Anplis sa, kriz sa a vin pi grav ak repriz kolera ak aksyon gang yo ki kenbe popilasyon kapital la nan yon sitiyasyon prizon, ak anpil kidnapin chak mwa¹, plizyè kadejak sou fanm, masak ak yon to ki plis pase 70 - 80 kadav nan chak operasyon, kraze ekipman yo, atak chak jou kont lekòl, lopital, legliz, sant kiltirèl, elatriye.

Yon lòt bò, li enpòtan pou mete aksan sou egzistans yon gwo kriz politik ak enstitisyonèl ak yon pwogramasyon pou kraze prèske tout enstitisyon repibliken yo. Pa egzanp, depi 2016 pa gen eleksyon ki òganize epi pa gen palman.

Fas ak trajedi sa yo, gouvènman defakto aktyèl la ap mande yon nouvo okipasyon militè, ki gen pou objektif sèvi ak li kont popilasyon an epi òganize eleksyon kontwole. Epi, nan plan estratejik sa, fè yon chanjman nan konstitisyon an epi konsantre pouvwa a nan men yon prezidan epi elimine pi fò nan konkèt demokratik yo.

Se nan kad sa a nou asime revandikasyon pèp ayisyen an kòm si se te pa nou :

Non ak yon nouvo entèvansyon militè etranje!

Respe souverènte Pèp Ayisyen an ki dwe jwenn yon solisyon nan kriz la kote se aktè sosyal ak politik ayisyen yo ki gide !!

Non ak yon chanjman chanjman bouyi vide pou satisfè oligachi lokal la ak enperyalis!

Koperasyon solidarite pou defann lavi ak dwa pèp ayisyen an!

¹ Yon rapò resan ki soti Nasyonzi pale de 531 moun ki mouri ak vyolans, 277 kidnapin, 300 moun blese epi 160 000 deplase kite kay yo kòm konsekans vyolans gang yo sou popilasyon soti premye janvyè pou rive 15 mas 2023.

Non ak yon tranzisyon ekstrèm dwat la ap kontinye dirije!
Non ak akò 21 desanm 2022 a!

Aksyon pou 29 mas k ap vini la

Jou sa a nou pwopoze ranfòse fratènite ak solidarite ak lit pèp ayisyen an atravè:

- Aktivite piblik devan anbasad oswa konsila Ayiti , Etazini, Kanada ak Nasyonzi
- Voye nòt ki eksprime pozisyon kont sitiyasyon aktyèl sa ki nan peyi a bay anbasad ayisyen yo.
- Twit entènasyonal : Ayiti lib, granmoun tèt li (12:00 hrs Ayiti);
- Fowòm fizik nan peyi Dayiti (1è – 5kè Ayiti)

31 mars

- Fowòm entènasyonl : Solidarite ak jistis pou Ayiti



KONBIT



ALBA
MOVIMIENTOS